



City of
Evanston™

KONNEN DWA W

LÈ YO INTERACTE AK OFISYE IMIGRASYON (ICE)

ISI YON OFISYE ICE ABÒDE W NAN TRAVAY, LAKAY OU OSWA NAN KOMINOTE A:

- Ou gen dwa pou w rete an silans si yo poze w kesyon oswa arete w.
- Rete kalm epi kenbe men ou kote yo kapab wè yo tout tan.
- Pa diskite sou sitiyasyon imigrasyon w oswa sitwayènte w ak lapolis, ajan imigrasyon oswa lòt ofisyèl.
- Pa janm siyen anyen ou pa konprann—mande pou w pale ak yon avoka dabò.

SI OFISYE ICE YO VIN LAKAY OU:

- Pa louvri pòt la. Aprann fanmi w, ansanm ak timoun yo, pou yo kenbe pòt la fèmen.
- Ofisye ICE yo dwe gen yon manda yon jij ki siyen pou yo ka antre lakay ou. Ou dwe konnen ke “manda” ICE yo souvan se fòm ofisye ICE yo siyen, se pa jij ki siyen yo, epi yo pa otorize antre san konsantman ou.

SI W DEYÒ EPI W WÈ OFISYE IMIGRASYON YO:

- Ale nan yon espas pa anndan ki an sekirite.
- Si w se yon sitwayen ameriken epi w santi w an sekirite, ou ka anrejistre aktivite a oswa pran nòt sou sa w wè. Sepandan, toujou rete pridan epi evite entèfere ak aksyon yo.

RAPÈL ENPÒTAN:

- Pa pataje enfòmasyon ki pa verifye sou rezo sosyal yo.
- Evite entèfere ak nenpòt investigasyon.

ETABLI YON PLAN SEKIRITE KE FANMI OU KA ITILIZE SI ICE ARETE W. PATI KLE NAN YON PLAN SEKIRITE ENKLI:

- Memorize nimewo telefòn kontak ijans ou yo.
- Bay lekòl oswa gadri pitit ou a yon kontak ijans pou vin chèche pitit ou a.
- Bay otorizasyon alekri pou kontak ijans ou pran desizyon medikal ak legal pou pitit ou a.
- Di moun ou renmen yo ke si ICE arete w, yo ka eseye sèvi ak lokalizatè prizonye ICE sou entènèt la pou jwenn ou: locator.ice.gov Si yo arete w, li enpòtan pou w chèche reprezantasyon legal. Rele 855-435-7693 pou konekte w ak yon avoka imigrasyon.

Pou plis sipò oswa konsèy, vizite Kowalisyon Ilinwa pou Dwa Imigran ak Refijye yo nan www.ICIRR.org oswa rele liy dirèk yo a nenpòt lè:



855-435-7693

EVANSTON SE YON VIL AKEYAN

Vil Evanston rete fèm nan angajman li pou ankouraje yon kominote ki an sekirite, enklizif, ak akeyan pou tout rezidan yo, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon oswa sitwayèn yo.



APRANN PLIS